

## Mezi alèjman, Gwo ak Piti, Ka Pwoteje Kay Ou



Alòske fenomèn meteyolojik ekstrèm yo vin pi kouran, pwopriyetè yo dekouvri envesti nan alèjman van se pa sèlman yon zafè sekirite: se tou yon zafè ekonomi sou kou ki enpòtan ak lapè nan tèt.

Alèjman van enplike estrateji amelyorasyon kay ou pou reziste katastwòf natirèl, espesyalman siklòn ak gwo tanpèt. Nan zòn kòt tankou Florida, amelyorasyon sa yo vin fondamantal pou pwoteje kay ak redwi kou asirans.

Amelyorasyon prensipal yo anjeneral gen ladan ranfòse do kay ou, enstale fenèt ak pòt ki reziste enpak, ak ranfòse pòt garaj ou, sa ki souvan se pòt dantre ki pi vilnerab pandan tanpèt yo.

### Pwogram Sipò ki Disponib nan Florid

Rezidan Florid yo gen aksè ak plizyè pwogram pou fè amelyorasyon sa yo pi bon pri. Pwogram [My Safe Florida Home](#) la ofri enspeksyon alèjman van gratis ak sibvansyon jiska \$10,000 pou pwopriyetè ki kalifye, lè fon yo disponib ankò. Pwogram nan, Depatman Sèvis Finans Florid ap jere, genyen tou yon lòt pwogram sibvansyon pou rezidan ki gen ti revni.

### Amelyorasyon Elijib

Mizajou do kay:

- Atachman do kay sou mi: klip ak kòd kont siklòn ki amelyore k'ap tache do kay la ak mi yo
- Atachman do kay ak teras: klou ki pi rezistan ak modèl espas ki pi fèmen pou tache kouvèti do kay la
- Rezistans dlo segondè: kouch adisyonèl ki reziste dlo anba kawo twati kay yo

Pwoteksyon ki louvri:

- Panno siklòn: plizyè tip, tankou sistèm akòdeyon, dewoulan, ak panno
- Fenèt ki reziste enpak: espasyalman sa ki fèt pou reziste gwo van ak debri k'ap vole
- Pòt garaj ranfòse: pòt ranfòse ak poto ranfòsman adisyonèl

Pwogram sipò adisyonèl yo gen ladan [Florida PACE](#) (Kay ki evalye pou Enèji Pwòp), ki pèmèt pwopriyetè yo finanse pwojè alèjman atravè evalyasyon taks pwopriyete. [The Florida Weatherization Assistance Program](#) (Pwogram Asistans Move Tan Florida) founi sipò bay kay ki gen ti revni yo. Anpil konte ofri tou sibvansyon ak prè adisyonèl.

Anplis de pwoteje fanmi ou, ranfòse kay ou ka bay tou benefis finansye. Kay ak karasteristik alèjman van ki verifye yo ka kalifye pou rediksyon prim yo. Ekonomi anyèl yo souvan konpanse kou yo nan de a senk lane.

Alèjman bay tou benefis alontèm nan ogmante valè pou revann kay la epi pwoteje zafè pèsònèl ki pa ka ranplase yo.

### Kòmanse

- Vizite paj Entènèt [My Safe Florida Home](#) pou konsilte si ou elijib epi aplike.
- Verifye rediksyon potansyèl prim asirans ou ak ajan ou a.
- Mande pri a plizyè kontraktè ki gen lisans.
- Konfime ekonomi mizajou yo ak konpayi asirans yo.
- Dokimante tout amelyorasyon yo pou rezon asirans.

Amelyorasyon alèjman van reprezante yon envestisman estratejik nan avni kay ou. Anplis de avantaj imedya de pwoteksyon amelyore kont tanpèt, mizajou sa yo ka bay gwo ranbousman finansye atravè de prim asirans redwi ak finansman sibvansyon potansyèl – sa ki rann alèjman van yon opsyon konvenkan.



## Ajistè Teren ak Biwo: Travay Ansanm pou Ou



Lè ou depoze yon reklamasyon ak Citizens, yon ekip pwofesyonèl ap travay pou evalye epi trete reklamasyon ou an. Ajistè teren ak ajistè biwo yo jwe yon wòl esansyèl nan pwosesis sa, e yo chak pote konpetans ak responsabilite patikilye pou sèvi ou pi byen.

Ajistè teren yo se "bòt nou ki sou teren an." Pwofesyonèl ki fòme sa yo vizite pwopriyete ou an pèsòn pou enspekte domaj la an premye. Depandaman de reklamasyon an, yo ka monte sou do kay la, egzamine dega dlo yo, pran foto an detay, epi mezire espas ki afekte a. Ajistè teren yo gen eksperyans nan fè dokimantasyon prèv fizik ak rasanble detay kle pou trete reklamasyon ou an nan fason apwopriye.

Pandan tan sa, ajistè biwo yo sèvi jeneralman kòm pwen kontak prensipal pandan tout pwosesis reklamasyon an. Yo revize kouvèti asirans ou a, analije sa ajistè teren an jwenn, ak kowòdone ansanm ak lòt espesyalis lè gen nesesite pou sa. Ajistè biwo yo gen anpil eksperyans nan analiz asirans ak pwosedi tretman reklamasyon. Yo evalye rapò ajistè teren an ansanm ak lòt dokimantasyon, tankou estimasyon ak resi kontraktè, pou detèmine si gen kouvèti pou pèt anba tèm asisrans ou a epi, si se ka a, kantite lajan pou pèman reklamasyon an.

Kolaborasyon ant ajistè teren ak ajistè biwo asire yon pwosesis reklamasyon konplè ak efikas. Pa egzanp, pou yon pèt ki kouvrí, si yon gwo tanpèt andomaje do kay ou, yon ajistè teren ap fè yon espeksyon fizik epi dokimante dega a an detay.

Ajistè biwo a revize enfòmasyon sa ansanm ak kouvèti asirans ou a, kowòdone ak spesyalis twati yo si sa bezwen, epi travay pou detèmine pèman reklamasyon an.

Konsidere pwosesis reklamasyon an tankou yon kous relèv kote ajistè teren an rasanble epi domikante evidans esansyèl la (baton an), apre sa li pase baton an bay ajistè biwo a, ki pote li jiska liy final la (rezolisyon reklamasyon). Apwòch travay an ekip sa asire anyen pa neglige, e si pèt la kouvri nan asirans ou an, reklamasyon an peye atan.

Tou de tip ajistè yo swiv gwo fòmasyon nan metòd konstriksyon, kòd konstriksyon, pwogram estimasyon, ak analiz politik asirans. Wòl konplemantè yo travay ansanm pou founi ou sèvis pwofesyonèl pandan pwosesis reklamasyon an. Alòske ou ka entèaji pi souvan ak ajistè biwo ou a, ou mèt gen asirans ke tou de pwofesyonèl yo ap travay ak dilijians dèyè rido pou trete reklamasyon ou an ak efikasite epi yon fason ki jis.

Nan Citizens, nou angaje pou founi bon jan kalite sèvis atravè yon apwòch kolaboratif, ki asire ke reklamasyon ou an resevwa atansyon ak ekspètit li merite.

## Citizens Ajoute Zouti pou Amelyore Pwoteksyon Idantite Ou



Fè jesyon asirans ou an fasil ak aplikasyon [myPolicy](#). Citizens nan – e kounye ak pòtay dijital 24/7 ou a pi an sekirite ak novo otantifikasiyon miltifaktè a (MFA).

Citizens apèn fè mizajou nan pwosesis sekirite li pou jere aksè a plizyè pwogram ak pwoteksyon done ki amelyore. Kòm rezulta, ou ka note yon chanjman nan ekran ou lè ou konekte e yo ka mande ou pase pa otantifikasiyon miltifaktè.

Ou ta dwe resevwa yon imèl ki mande pou ou tabli yon novo ansanm enfòmasyon idantifikasiyon (non itilizatè ak modas) pou kont [myPolicy](#) ou la.

**Enpòtan:** Premyeman, asire ou ke ou rantre sou myPolicy atravè ikòn ki plase anba kawousèl imaj anwo paj akèy citizensfla.com nan.

### Prepare Nouvo Enfòmasyon Idantifikasiyon (Non itilizatè ak Modpas)

Si ou pa t reponn imèl nou an, konfime non itilizatè/ adresè imèl ou epi kreye yon novo modpas nan ekran koneksyon Citizens nan lè ou itilize fonksyon *Forgot your password?* la (Bliye Modpas ou?).

Pou plis enfòmasyon, revize video [Getting Logged In](#) (Konekte) nou an.

Yon fwa enfòmasyon idantifikasiyon ou yo kreye, jwi benefis myPolicy epi gen lapè nan tèt lè ou konnen enfòmasyon pèsonèl ou yo pwoteje.

### Ou Pa Ko Enskri nan myPolicy?

Fè pati de kominote asire Citizens k'ap grandi a ki dekouvri komodite jesyon dijital asirans. Kreye kont [myPolicy](#) ou epi pran kontwòl ekspryans asirans ou jodi a. Li lè po ou jere asirans ou dapre pwòp kondisyon ou – nenpòt lè ak nenpòt kote ou vle.

Pou ede ou tire plis pwofi de fonksyonalite myPolicy ou, Citizens founi yon [enstriksyon fasil-pou-swiv](#) ki gide ou atravè chak bagay depi fè pèman pou rive depoze reklamasyon.



# Konnen Kote pou Ale Lè W'ap pran Refij kont yon Tònad



**Rele Citizens First nan**  
**866.411.2742**

Rapòte yon reklamasyon 24/7/365 oswa W ap jwenn enfòmasyon byen presi soukontra asirans nan jou lasemèn yo ant 8 a.m. ak 5:30 p.m. ET

[Dezabòne](#)

Citizens Property Insurance Corporation  
Janvye-Mas 2025 Nimewo 16

**myPolicy**

Rapòte reklamasyon, gade reklamasyon ak eta kontra asirans, epi fè pèman 24/7/365

